

ENFÒMASYON POU PARAN APWOPO KONPETISYON OSWA DEFI MOMO

Bagay yo rele Konpetisyon oswa Defi Momo a (*Momo Challenge*) se dènnye aktivite ki enkyete moun e ki ap fè pale de li anpil sou medya sosyal yo. Defi Momo a konbine yon seri imaj ki ka choke moun ansanm ak mesaj ki kache dèyè jwèt ak videyo timoun renmen jwe ki poste sou YouTube ak YouTube pou Timoun tankou pa egzanp *Peppa Pig* ak *Surprise Eggs*. Yo te remake yon karaktè ki parèt sou fòm Momo nan jwèt videyo ki popilè yo, *Fortnight*, *Minecraft* ak *Roadblocks*. Momo se yon kont medya sosyal ke ou kapab jwenn sou Facebook ak Whatsapp.

Momo se imaj yon poupe efreyan ki genyen cheve nwa long ak gwo zye ki ap soti nan tèt li. Imaj sa a ansanm avèk mesaj yo kapab efreye jèn timoun ak jenès la. Mesaj ki akonpanye imaj la ap di pou ankouraje timoun kwape laperèz lakay yo tankou pou leve nan lè endiy leswa; fè yon seri move aksyon destriktif, tankou fè tèt yo mal oswa fè moun ki chè pou yo mal; plase yo nan yon seri sitiyasyon danjere tankou pou yo monte sou yon tèt kay epi pou lage tèt yo anba; oswa lòt aktivite ki riske. Tout pandan konpetisyon oswa defi yo ap entansifye, se konsa Momo ap mete presyon sou moun ki ap resevwa mesaj yo pou komèt swisid.



Se ou menm ki pi meyè pwotektè pitit ou; men kèk bagay ou kapab fè nan ka sa a:

1. Pale regilyèman avèk pitit ou sou tout bagay yo ap fè
2. Rete vijilan pou w veye fason pitit ou ap itilize teknoloji ki enkli telefòn ou oswa telefòn pa yo
3. Siveye aplikasyon pitit ou ap itilize
4. Siyen yon kontra sou itilizasyon medya sosyal ak pitit ou
5. Pale avèk pitit ou sou Konpetisyon oswa Defi Momo a – Mande yo si yo konnen ki sa li ye. Eske pitit ou tande pale de li? Diskite sou plan ki ap enkli tout sa yo kapab fè si yo resevwa yon mesaj ki pale de Konpetisyon oswa Defi Momo oubyen si yo wè vizaj Konpetisyon oswa Defi Momo a (Momo Challenge)

Konseye lekòl ansanm ak sikològ lekòl yo disponib pou angaje yo nan sipòte konvèsasyon avèk timoun yo ansanm ak jèn yo epi tou pou ofri resous ak sèvis yo kòm ekspè nan prevni pou ke timoun yo pa adopte yon konpòtman pou fè tèt yo mal. Tanpri pa ezite kontakte lekòl pitit ou a.